



Kisa ou te aprann?



Aprann ti konsèy la

1. **Di sijè a:** Envite pitit ou pou li di ou, anjeneral, sou kisa liv la te ye.
2. **Di eleman ki pi enpòtan yo:** Sa diferan pase sèlman ‘sa ki te enteresan’. Se lide prensipal la oswa lide prensipal yo. Reflechi sou sa otè a t ap eseye montre nou sou sijè a. Sa kapab anpil bagay. Envite pitit ou pou montre ou mo ak ekspresyon ki nan liv la pou sipòte lide li.
3. **Di yon eleman ki amizan oswa enteresan:** Kounye a pale sou bagay nou toulède te aprann ki pi pasyonan ki bay plis sezisman, ki pi brit, ki pi dwòl yo! Jwenn mo oswa imaj ki dekri eleman sa a.

Pou kisa ti konsèy sa a?

Avèk liv non-fiksyon yo, nou kapab mande poze tèt nou kesyon “kisa mwen te aprann?” Nan fason sa a nou òganize enfòmasyon yo mantalman epi nan yon fason ki pi enpòtan, sonje li!



Mande pitit ou

Pou timoun ki pi jèn yo:

- Kisa liv sa a te konsène? Si sou?
- Ki yon bagay ki te ba ou sezisman? Montre mwen nan liv la kote ou te aprann sa.
- Ki yon bagay ou te konnen deja?

Pou pi gran timoun yo:

- Kisa ou toujou ap mande kounye a apre ou te fini liv sa a?
- Si ou reflechi sou tout sa ki konsène a, kisa otè a ap eseye montre nou konsènan sijè sa a? Montre mwen fason ou konnen sa.
- Si ou te dwe di yon zanmi ou tout sa ki sou liv sa a, ki pi gwo bagav ou ta fè zanmi an konnen?



Pratike avèk kè kontan

Pale avèk pitit ou sou yon bagay li ta renmen aprann plis sou li. Fè yon lis sa pitit ou konnen deja sou sijè a ak sa li ta renmen aprann.

Answit ale sou entènèt pou chèche konnen sijè a. Fè yon ti kwa nan lis bagay pitit ou ta renmen aprann pandan w ap jwenn enfòmasyon yo. Note nouvo kesyon yo.

Men kèk bon kote pou kòmanse:

- www.kids.nationalgeographic.com
- www.dkfindout.com
- www.weatherwizkids.com
- www.pbslearningmedia.org